



## DEPATMAN EDIKASYON ETA A SOLISITE KONTRIBISYON PIBLIK LA POU DEVLOPE PLAN SEKOU DIJANS POU LEKOL PRIMÈ AK SEGONDÈ NAN KAD PLAN SOVTAJ AMERIKEN AN POU NEW YORK

### N ap aksepte kòmantè piblik la jiska 24 Me;

Depatman Edikasyon Eta New York (NYSED) ap chache kontribisyon piblik la pou elaborasyon plan pou utilize \$ 8.99 milya dola fon federal ke yo bay Eta New York nan kad Plan Sovtaj Ameriken an (American Rescue Plan, ARP) ak Fon Sekou Ijans Lekòl Elementè ak Segondè (Elementary and Secondary School Emergency Relief, ESSER). Yo te bay fon federal sa yo pou ede Ajans Edikasyon Lokal Eta New York (LEA) ak NYSED la, kòm Ajans Edikasyon Eta a, pou ede relouvri ak soutni san danje fonksyonman lekòl yo pandan ane akademik aktyèl la ak apre, epitou pou fè fas ak enpak maladi kowonaviris 2019 ("COVID-19") la genyen sou elèv Eta New York yo pandan y ap fè fas ak bezwen akademik, sosyal, emosyonèl ak sante mantal elèv yo.

Pou ankouraje responsabilite, transparans ak itilizasyon efikas lajan ARP ESSER yo, NYSED ap mande kontribisyon piblik nan men tout moun ki gen enterè yo ladan I, tankou:

elèv yo;  
fanmi yo;  
Nasyon Ameriken Endyen Natif Natal;  
òganizasyon dwa sivil (ki gen ladan òganizasyon kap defann dwa moun ki andikape);  
administratè lekòl ak distri (ki gen ladan administratè edikasyon espesyal);  
sipè-entandan yo;  
lidè lekòl charter yo;  
pwofesè yo;  
direktè lekòl yo, lidè lekòl yo, lòt edikatè yo, anplwaye lekòl yo, ak sendika yo; ak  
moun ki gen enterè yo ki reprezante enterè timoun ki gen andikap, moun k ap aprann Anglè,  
timoun ki sanzabri, timoun ki nan fanmi dakey, elèv ki se imigran, timoun ki nan prizon ak lòt  
elèv ki pa jwenn ase sèvis.

Nou mande moun ki gen yon enterè, pou yo vizite [platfòm ThoughtExchange](#) la pou di sa yo panse sou kesyon sa ki pi ba a konsènan plan ARP ESSER New York la:

*Pandan n ap prepare pou pwochen ane lekòl la nan Eta New York, ki sipò akademik, sosyal emosyonèl, ak / oswa sante mantal ki pi enpòtan pou lekòl yo bay pou sèvi tout elèv yo (sètadi, elèv ki nan edikasyon jeneral, elèv ki gen andikap, lmoun k ap aprann Anglè, ak lòt elèv ke pandemik lan pi afekte yo)?*

N ap pran repons nou resevwa nan dat **24 Me 2021** oplita yo an konsiderasyon nan plan final ARS ESSER NYSED la.

Mèsi pou kontribisyon ou nan efò enpòtan sa a.